# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–17 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

इलाहाबाद उच्च न्यायालय उत्तर प्रदेस सरकार के ओनहत्तर हजार सहायक सिक्षक के भरती से जुड़ल नया चयन–सूची तीन महिन्ना के भित्तर जारी कइले क निरदेस देहले हवे। न्यायालय जून–दुइ हजार बीस अउर जनवरी–दुइ हजार बाइस में जारी छौ हजार आठ सौ ओम्मेदवार के चयन सूची के रद्द कइ दिहलस। न्याय मूर्ति एआर मसूदी अउर बृजराज सिंह क पीठ नब्बे विसेस याचिकन पर ई फइसला सुनवलस। न्यायालय कहलस कि नया चयन सूची से प्रभावित होखे वाला सहायक सिक्षकन के मौजूदा सिक्षा सत्र के पूरा करे क अनुमति दिहल जाए के चाही। पीठ ईहो कहलसि कि आरक्षित श्रेणी क जवन ओम्मेदवार सामान्य श्रेणी मे रक्खल जा सकेले, ओन्हे रक्खल जाए के चाही।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अम्बेडकरनगर में जिला स्तरीय वृहद रोजगार आ ऋण मेला क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रमन के संबोधित करत मुख्यमंत्री कहले कि रोजगार के दृष्टि से अगस्त महिन्ना क पांच तारिख खास होखे जा रहल हौ। प्रदेस में तेइस–चौबीस, पच्चीस, तीस अउर एकतीस अगस्त के पुलिस भरती प्रक्रिया के पूरा कइल जाइ। उहां के कहलीं कि प्रदेस के हर जिला के युवा के येह पुरहर पारदरसी नियुक्ति प्रक्रिया में हिस्सा लिहले क मौका मिली। उहां के कहलीं कि प्रदेस में एतना बड़हन स्तर पर पुलिस भरती प्रक्रिया पहली बेरि आयोजित होखे जा रहल हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि येह पुलिस भरती प्रक्रिया में बीस फीसदी नियुक्ति बेटियन के दिहल जाई। श्री योगी कहलें कि फरौरी दुइ हजार तेइस में आयोजि सबसे बड़हन इन्वेस्टर्स समिट में चालीस लाख करोड़ क निवेस प्रस्ताव मिलल हवे, जवन प्रदेस के एक सौ पैंतीस करोड़ नौजवानन बदे रोजगार के मौका क गांरटी हौ। येह कार्यक्रम में मुख्यमंत्री पच्चीस सौ नौजवानन के प्रसस्ति पत्र, इक्यावन सौ छात्र छात्रा के टैबलेट अउर कुलि दुइ सौ इग्यारह करोड़ रूपिया क करजों बटलें। मुख्यमंत्री बिहने अजोध्या में रोजगार मेला क सुभारंभ करिहें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गाजीपुर के मेघबरन सिंह हॉकी अकादमी पहुंचले। ओहा उहां के ओलंम्पिक में पदक जीते वाली भारतीय हॉकी टीम क हिस्सा रहल गाजीपुर के हॉकी खिलाड़ी राजकुमार पाल अउर बनारस क हॉकी खिलाड़ी ललित उपाध्याय क सम्मान कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री दुन्नो खिलाड़ियन के पुरस्कार के रूप में एक–एक करोड़ रूपिया दिहले का घोषण कइलें। मुख्यमंत्री खिलाड़ी राजकुमार पाल के डिप्टी एसपी क पद दिहले क घोसणों कइलें।

**********

कानपुर के भीमसेन खण्ड में गोविन्दपुरी स्टेसन के लग्गे काल्हि राति बनारस से अहमदाबाद जा रहल साबरमती एक्सप्रेस पटरी से उतर गइल। येह हादसा में कवनों जनहानि नाही भइल, सज्जों यात्रियन के ट्रेन से सुरक्षित निकारी लिहल गइल। हादस के नाते कुछ गाड़ियन क आवागमन निरस्त कई दिहल गइल हौ जबकि कुछ गाड़ी राहि बदलि के चलावल जा रहल हईन। रेल प्रसासन यात्रियन के परिजनन के सुविधा बदे हेल्प लाईन नंबर जारी कइले हवे।

**********

कोलकाता में आर.जी.कर राजकीय अस्पताल में एगो महिला डाक्टर से दुष्कर्म अउर हत्या के विरोध में भारतीय चिकित्सा संघ के आवाहन पर आजु प्रदेस क सज्जों चिकित्सक चौबीस घंटा के देसव्यापी हड़ताल पर हवे। प्रदेस में आजु भिन्नहिएं से ओपीडी सेवा ठप्प हौ। गंम्भिराहें मरीजन बदे खाली इमरजेंसिए सेवा जारी हौ अउर अस्पतालन में भरती मरीजनें क इलाज कइल जा रहल हौ। संगठन ऐह मामिला में न्याय अउर स्वास्थ्य करमियन के सुरक्षा बदे केन्द्रीय कानून बनवले का मांग कइले हवे। संगठन के अपील के देखत ऐह हड़ताल में निजी क्षेत्र क स्वास्थ्य करमियों सामिल हो गइल हवे।

गोरखपुर में बीआरडी मेडिकल कॉलेज अउर एम्स क जूनियर डाक्टर हड़ताल पर रहलें। निजी चिकित्सों आपन ओपीडी नाही कइले। लखनऊ, हापुड, बाराबंकी, बदायूं, अउर बनारस जिलनों से डॉक्टरन के हड़ताल पर रहले अउर विरोध प्रदर्सन क खबरि हौ। ऐह बिच्चे केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय निरदेस दिहले हवे कि डॉक्टर के साथे हिंसा के मामिला में छौ घंटा के भित्तर प्राथमिकी दरज करावल जाए के चाही अउर एकर जिम्मेवारी संस्थान प्रमुख क होई।

**********

आकाशवाणी समाचार से प्रसारित होखे वाला प्रति घंटा समाचार बुलेटिन के प्रसारण क्रम के संसोधित कइल गइल हौ। ई संसोधन बिहने आधी रात के बारह बजे से प्रभावी होई। येह बदलाव के बाद पांच मिनट क हिन्दी क सज्जों समाचार बुलेटिन क प्रसारण पहिले होई, ओकरे बाद पांच मिनट क अंगरेजी समाचार बुलेटिन प्रसारित कइल जाइ।

**********

रक्षाबंधन पर येहू बेरि बिहने राति से ओन्नइस अगस्त के राति ले मुफ्त रोडवेज बसन क सेवा बहनिन के उपलब्ध करावल जाई। येहि क्रम में लखनऊ से छोट–छोट सहर के बिच्चे दुई सौ से बेसि अउरियों बसन क संचालन कइल जाई। क्षेत्रीय प्रबंधकन के एकरे बदे दिसा निरदेस जारी कइ दिहले गइल हौ।

**********